# QARIM- QATNASTI TEORIYALIQ TÁREPTEN ÙYRENIW

**Allanazarova Sholpan**
“Psixologiya hám pedagogika” docenti Pedagogika pánleri boyinsha filosofiya doktori (PhD), Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
allanazarova@mail.ru
+998913775577
**Jaksilikova Biybinaz Ikramjan qizi**
Ámeliy psixologiya qánigeligi 4-kurs studenti
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
biybinazjaksilikova@gmail.ru
+998939203303

**Annotaciya:** Qarım - qatnas psixologiyasınıň teoriyalıq tiykarları, onıń shaxs rawajlanıwındaǵı ornı hám tásiri kórsetilgen. Qarım - qatnas - bul tek ǵana informaciya almaslawı, bálki insanlar arasındaǵı social - psixologiyalıq qatnaslardıń qáliplesiwi, shaxslar aralıq baylanıslardıń bekkemleniwine xızmet etiwshi process bolıp tabıladı.
**Tayanısh túsinikler:** qarım - qatnas, kommunikativ qábilet, shaxslar aralıq qarım qatnas, qarım qatnas mádeniyatı hám pedagogikalıq-psixologiyalıq metodika hám usillar.

Qarım - qatnas adamlar ámelge asıratuǵın xızmetler ishinde jetekshi orındı iyeleydi, yaǵnıy insandaǵı eń zárúrli mútajlikti - jámiyette jasawdı hám ózin shaxs dep biliw menen baylanıslı mútajlikti qanaatlandıradı. Sonıń ushın qarım - qatnas biz ushın júdá áhmiyetli esaplanadı. Qarım - qatnas bul bizdi jámiyet penen birlestiriwshi faktor esaplanadı, yaǵnıy qarım - qatnas insaniyattı haywanatdan ajtratıp turadı. Qarım - qatnas processinde shaxslar bir biri menen psixik tárepten baylanısqa kirisedi, bir birlerin túsinedi, sezinedi hám tásir ótkeredi.bQarım - qatnas adamlardıń birgeliktegi xızmetleri mútajliklerinen kelip shıǵıp túrli aktivlikleri dawamında bir-birleri menen óz-ara qatnaslarǵa kirisiw procesi bolıp tabıladı. Yaǵnıy, hár bir shaxstıń jámiyette atqaratuǵın xızmetleri (miynet, oqıw, oyın, dóretiwshilik etiw hám t.b) óz-ara qatnas hám óz-ara tásir formaların óz ishine aladı. Sebebi hár qanday jumıs adamlardıń bir-birleri menen til tabısıw, bir-birlerine hár qıylı maǵlıwmatlardı uzatıw, pikirler almasıw sıyaqlı quramalı sheriklikti talap etedi. Sol sebepli de hár bir shaxstıń jámiyette tutqan ornı, jumıslarınıń tabısı, abroyı onıń qarım - qatnasta kirise alıw qábileti menen tikkeley baylanıslı. Bir qarawda ańsat ǵana sezilgen shaxslar aralıq qarım - qatnas tiykarınan júdá quramalı process bolıp, oǵan adam turmısı dawamında úyrenip baradı.

G.I.Andreeva qarım-qatnas strukturasında óz ara baylanıslı 3 tárepti kórsetip ótken:

kommunikativlik, ol qatnasıwshı shaxslardıń informaciya almasıwınan ibarat;

interaktiv, sóylesiwshi shaxslardıń óz-ara birge islesiwin názerde tutadı, bul processte tek ǵana informaciya almasıw emes, al sheriklerdiń jeke ózgeshelikleri óz kórinisin tabatuǵın háreketler de júz beredi;

qarım-qatnastıń perseptiv tárepi de bar bolıp, ol sherikler tárepinen bir-birin qabıl etiw hám biliwden ibarat bolıp, ol óz-ara túsinisiwge erisiwge hám poziciyalardıń jaqınlasıwına alıp keledi.

Qarım-qatnas adamlardıń sherikliktegi iskerligi, mútajlikleri tiykarında tuwılatuǵın, olar arasındaǵı qarım-qatnas rawajlanıwınıń kóp qırlı procesi bolıp tabıladı. Qarım-qatnas sherikliktegi iskerlik urıs qatnasıwshısıları arasında informaciya almasınıwdı óz ishine aladı, bul qarım-qatnastıń kommunikativ kórinisindeańlatıladı. Adamlar bir-biri menen qatnasqa kirisiwde tilden mámile quralı retinde paydalanadı.

Qarım - qatnas - insan iskerliginiń tiykarǵı formalarınan biri bolıp, onıń psixik rawajlanıwı, jámiyetke kelisiwi jáne social tájiriybe arttırıwında zárúrli ròl oynaydı. Psixologiyada qarım - qatnas  tek ǵana informaciya almasıw, bálki adamlar arasında sezimiy-shıdamlılıq qatnaslar, óz-ara túsiniw hám ózin ańlatıw procesi retinde aytıladı. Qarım - qatnas  jardeminde insan ózin tusinip jetedi, social ròldı iyeleydi, jámiyette óz ornın tabadı. Ol shaxslarara qatnaslardıń úlesi bolıp, sheriklik, social óz-ara tásir, mádeniyat hám qádiriyatlardıń ajıralmas qáliplesiwin támiyinleydi. Sonıń menen birge, qarım - qatnas  - bul eki hám odan artıq subyekttiń òz-ara tásir procesi bolıp tabıladı, ol individual hám toparlıq dárejelerde júz beredi. Psixologlar qarım - qatnastı, kommunikativ, interaktiv hám perseptiv tápreplerden analiz etip, onıń kóp qırlı hám quramalı hádiyse ekenligin aytıp òtedi.

Qarım-qatnas psixologiya pániniń eń zárúrli túsiniklerinen biri bolıp tabıladı. Qarım - qatnas "iskerlik" túsinigi menen ajıralmas bolıp esaplanadı. Qarım-qatnas iskerlik túrlerinen biri retinde qaraladı. Qarım-qatnas birgeliktegi iskerlikke bolǵan mútajlikler sebepli tuwılıwshı process bolıp tabıladı.

A.V.Petrovskiy aytqanday, qarım-qatnas - birgeliktegi iskerlik mútajlikleri nátiyjesinde qáliplesiwshi, kisiler arasında qarım-qatnas ornatıw hám rawajlandırıwdıń kóp qırlı procesi bolıp tabıladı.

Qarım-qatnas qáliplesiw hám rawajlanıwdıń quramalı kóp qirli  birgeliktegi iskerlik mútájlikleri tárepinen júzege keltiriletuǵın hám keminde úsh túrli processti  adamlar (adamlar aralıq qarım-qatnas) hám toparlar (toparlar aralıq qarım-qatnas) arasındaǵı baylanıslar: kommunikaciya, interaktivlik hám sociallıq persepciyani óz ishine aladi.

Juwmaq. Juwmaqlap aytqanda, shaxstıń kommunikativlik potencialı dinamikalıq, rawajlanıwshı hám bayıwshı qásiyetler sisteması bolıp, birgeliktegi xızmet sharayatında qáliplesedi hám ishki rezerv sıpatında xızmet etiwin psixologiyalıq áhmiyetke iye ekenligin ámelge asırılgan izertlewler anıq kórsetpekte.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Z.T,Nishanova, N.G. Kamilova, D.U. abdullayeva, M.X. Xolnazarova “Rivojlanish psixologiyasi. Pedagogik psixologiya”.
2. Ijtimoiy psixologiya: o’quv qo’llanma/N.Ismoilova, D.Abdullaeva; O’zbekiston Respublikasi Oliy va o’rta maxsus ta’lim vazirligi. –Toshkent: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2013

3. L.YA.Olimov, O.R.Avezov, E.S.Eshov " Deviant xulq-atvor psixologiyasi" O‘quv qo‘llanmasi
4. M.V.Xalimova "Xulqi og'ishgan bolalar psixologiyasi" Darslik)

International Conferences
Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE